


Èske w admisib pou èd PABSS?

Pwogram PABSS la se pou moun alaj 14 lane jouk nan laj pou yo pran retrèt k ap resevwa Supplemental Security Income (SSI) pou andikap, Social Security Disability Insurance (SSDI), Childhood Disability Benefits (CDB), epi/oubyen Disabled Widow(er) Benefits (DWB), Extended Medicare.

- Èske w resevwa yon benefis sekirite sosyal antan yon moun ki gen andikap?
- Èske w ap travay oubyen èske w ta renmen tounen travay?
- Èske w gen krent sou enpak travay gendwa gen sou benefis ou yo?
- Èske w fè fas a obstak nan travay e èske w bezwen sèvis defans dwa oubyen sèvis legal?

Sekirite sosyal finanse kreyasyon dokiman sila nan kad yon sibvansyon. Malgre sekirite sosyal revwa dokiman sa a pou presizyon, li pa reprezante yon avi ofisyèl delapa sekirite sosyal. Se ameriken ki peye taks ki peye pou kominikasyon sa a enprime, bibliye, oubyen fèt e difize.



Disability Rights
FLORIDA

PLEDWAYE. EGALITE. DIYITE.

Disability Rights Florida se yon sosyete san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè founisè fon, gade nan www.DisabilityRightsFlorida.org/funders. Enfòmasyon ki la pa yon reprezantasyon jidisyè e l pa konsèy nonplis.

Disability Rights Florida

2473 Care Drive, Suite 200
Tallahassee, Florida 32308

800-342-0823 | TTY: 800-346-4127
www.DisabilityRightsFlorida.org



Pwogram pwoteksyon e pledwari pou benefisyè nan sekirite sosyal (PABSS)

Ede moun ki gen andikap simonte obstak nan anplwa epi jwenn, mentni, oubyen rebran yon anplwa rantab epi fè pwogrè nan otosifzans



Disability Rights
FLORIDA



Kisa PABSS ye?

Pwogram pwoteksyon e pledwaye pou benefisyè sekirite sosyal (Protection and Advocacy for Beneficiaries of Social Security, PABSS) se yon pwogram gratis ki ede benefisyè sekirite sosyal ki gen andikap nan efò y ap fè pou jwenn, mentni, e fè pwogrè nan anplwa. PABSS finanse pa administrasyon sekirite sosyal (Social Security Administration, SSA) e li te kreye an vèti yon lwa nan lane 1999 ki rele Ticket to Work and Work Incentive Improvement Act.

Objektif pwojè sa a se pou pwoteje dwa jiridik benefisyè sekirite sosyal nan efò y ap fè pou yo tounen travay.

Kisa PABSS ka fè?

- Founi pledwari jiridik gratis e konfidansyèl kote benefisyè ki gen andikap gendwa bezwen eliminasyon obstak nan anplwa oubyen nan travay endepandan.
- Founi enfòmasyon epi konsèy pou benefisyè sekirite sosyal ki gen andikap sou sa ki konsène jwenn sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl epi sou anplwa.
- Founi sèvis defans e lòt sèvis pou ede yon benefisyè ki gen andikap simonte obstak nan amenajman rezonab nan travay pou sa ki konsène achitekti, teknoloji, transpò nan efò y ap fè pou jwenn, mentni, epi fè pwogrè nan anplwa a.
- Founi konsèy sou konsiderasyon ensitasyon pwofesyonèl ki aplike, an kontan rekòmandasyon nan pwogram èd epi plan nan objektif travay (Work Incentives Planning and Assistance, WIPA).

Nan kisa PABSS ka ede?

- Diskriminasyon nan anplwa ki asosye avèk andikap
- Amenajman rezonab nan travay
- Desizyon sou sa ki konsène pwogram ki konsène travay sekirite sosyal
- Peman siplemantè nan travay sekirite sosyal ki anpeche jwenn, kenbe, oubyen kontinye nan yon anplwa
- Aksè nan swen medikal
- Obstak ki konsène lojman, transpò, epi gad timoun
- Planifye tranzisyon nan lekòl pou etidyan alaj 14 lane epi pi gran ki se obstak pou jwenn anplwa
- Pwoblèm nan edikasyon apre klas segondèl ki se obstak pou jwenn anplwa
- Teknoloji dasistans
- Èd nan reyadaptasyon pwofesyonèl
- Avantaj nan rekòmandasyon konsèy
- Zouti otodefans nan anplwa
- Kesyon sou salè epi èdtan
- Enkyetman nan divilgasyon sou andikap



Kominike avèk Disability Rights Florida

Lè w rele n premye fwa, yon espesyalis nan admisyon pral mande w kèk enfòmasyon jeneral sou oumenm epi yon rezime sou pwoblèm ou an. Enfòmasyon ou yo ap soumèt pou revizyon apre.

KOUTFIL GRATIS: 800-342-0823

TDD: 800-346-4127

ANLIY: DisabilityRightsFlorida.org



Disability Rights Florida te tabli nan lane 1977 kòm sistèm pwoteksyon epi pledwari (Protection and Advocacy, P&A) pou moun Florida ki gen andikap. Sistèm P&A a egziste pou asire sekirite, byennèt, epi siskè moun ki gen andikap.